



Kigarama / Dezember 2021

kirundi

Yatanze vyose!

(Mariko 12,44)

Kontakt: Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen

Mobil.: +49-172-5638432
Mail: meinolf.wacker@go4peace.eu
Homepage: www.go4peace.eu

Ntiwigere ureka gutanga!

Don't stop giving!

Bakunzi b'Ijambo,

Hari umunyokuru yari yarabuze umugabo wiwe. Yari asigaye yibana wenyene kuko yari umupfakazi. Yari yarabayeho, akiha ivyo ashoboye, akaba yari yuzuye ubukengurutsi. Yari umworo, ari naco gituma yama akenguruka utwo aronse twose. Yabaho adasesagura, akama yakira gusa ivyo akeneye mu kubaho. Ibisigaye yaca abitanga. Mu vyaranga ubuzima bwiwe, harimwo ukwama agenda mu gisengero buri musi. Ubuzima bwiwe bwari bushinze imizi mu Mana. Yama ayizigiye. Nico gituma yashobora gutanga n'umutima mwiza ivyo afise vyose, adakeneye vyihuta.

Mu gihe Yezu yari ahaciye, yaramwihweje. Abatunzi benshi bagendera mu gisengero baratanze amahera menshi. Uyo mupfakazi yatanze ibiceri bibiri „gusa“, ni vyo yari atunze, none gurtyo yari atanze VYOSE. Yarerekanye umwizero utagira iherezo ku buzima no ku Mana. Ubwo nyene Yezu yaciye yiganira abigishwa biwe ivyo abonye. Niho rero uyo mupfakazi atari azwi yacitse umwigisha bitumwako mu vyerekeye „ukwizigira“ no „kutaba maboko“.

Mu gihe c'ikiza Corona, twararonse abantu bo muri Albaniya badusaba kubafasha. Muri quartier y'aboro, abana benshi baraheba amashure kubera habuze integuro n' ndinganizo ibereye kandi ko ata n'amashure akwiye yariho. Mw'ibarabara niho hari nko muhira. Niho rero umurwi wa go4peace witora uragendayo ufise umugambi wo kubigisha amezi atatu yo mucu. Kugira ivyo bishoboke, bari bakeneye amahera menshi. Narasomye umusi umwe mu nyandiko ngurukanabumenyi ahanditwe ngo „mbega yemwe mwoshobora kudufasha?“. Mu kwizigira, twaravyemeye. - Muri uyo mugambi niho nahwana n'umukenyezi arera abana wenyene muri Albaniya. Yari afise kahise karimwo ingorane nyishi, nico gituma yashima cane ubuzima nk'ingabire. Bidatevye yaraduhaye igice c'amafaranga umugambi wacu wari ukeneye. Aho abana biga mw'ishure ritoyi bumviye ubukene bwa bagenzi babo, baciye nabo nyene bisopa, baratanga gushoka no ku kingorongoro ca nyuma. Abo bose badufashije gutegera : ubuzima ni ingabire, kandi buba umwuzurira mu gutanga! – **Ntiwigere ureka gutanga! -Don't stop giving!**

Ku bwa go4peace Team

Meinolf Wacker